



Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL NONMME PREMYE OFISYE SIBÈ AN CHÈF NAN ETA NEW YORK

Ekspè entènasyonal prensipal nan sibèsekirite ak veteran lame ki dekore, Colin Ahern, pral dirije efò entè-ajans yo pou pwoteje New York kont menas sibè ki deplizanpli ap repann epi sofistike

Pral sipèvizè Sant Operasyon pou Sekirite Konjwen ki fèk etabli a

Bati sou investisman bidjè san parèy Eta a ki koute 62 milyon dola nan enfrastrikti sibèsekirite

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon Colin Ahern kòm premye Ofisye Sibè an Chèf eta a. Yon ekspè prensipal nan sibè-sekirite, sibè rezistans, ak entèlijans, Ahern pral dirije efò entè-ajans yo pou pwoteje Eta New York kont menas sibè ki deplizanpli repann ak sofistike - I ap travay pou asire sekirite ak sibè-rezistans aktif enfòmasyon Eta yo, ak enfrastrikti ak entegrite enpòtan aktif enfòmasyon Eta yo

"Eta New York ap pran yon apwòch agresif, k ap mennen nan peyi a pou transfòme enfrastrikti sibèsekirite nou an pou konbat menas k ap emèje yo epi ranfòse aktif enfòmasyon nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen kontan nonmen Colin Ahern kòm premye Ofisye Sibè an Chèf Eta New York. Nan yon epòk menas entènèt ki deplizanpli avanse, ekspètiz ak eksperyans Colin pwouve nan militè, sektè prive ak gouvènman an pral enpòtan anpil pou idantifye risk sibè, amelyore sistèm defans nou yo, anpeche atak, epi asire Nouyòkè yo ak enstitisyon nou yo rete pwoteje."

Ahern pral sipèvizè tout evalyasyon menas sibè yo, alèjman, ak efò repons—I ap travay ak jesyon egzekutif nan chak ajans eta a pou jere risk sibè ak anpeche atak. Ahern pral dirije tou Sant Operasyon pou Sekirite Konjwen (Joint Security Operations Center, JSOC) ki te anonse dènyèman an—yon sant inik k ap mennen nan peyi a, pou deteksyon menas sibè ak repons fas ak ensidan. [Fòmè](#) pa Gouvènè Hochul nan mwa fevriye, JSOC pral enpòtan anpil pou pataj enfòmasyon sou menas sibè—sa ki relye Eta New York, Vil New York, gouvènman lokal ak rejyonal yo, moun ki gen enterè enfrastrikti enpòtan yo, ak patnè federal yo yon fason efikas.

Ofisye Sibè an Chèf, Colin Ahern, te deklare, "Mwen onore pou m gen opòtinite sa a pou m sèvi Nouyòkè yo epi travay avèk Gouvènè Hochul ak ekip li a pou kontinye konstwi e amelyore enfrastrikti sibèsekirite nou an nan tout eta a. Administrasyon sa a pran angajman pou dirije nasyon an sou sibèsekirite, e mwen kontan anpil pou m rantre nan premye liy efò sa a."

Ahern te deja sèvi kòm Premye Direktè Adjwen nan Cyber Command nan Vil New York epi pita kòm Adjwen nan CISO, kote li te dirije transfòmasyon yon ti inite sibè an yon ajans vas ki gen plis pase 100 depatman ak biwo sou responsabilite li. Nan pik pandemi an, Ahern te kreye premye anviwonman sekirite Vil New York ki baze sou entènèt nan konfyans zewo—yon gwo travay ki pèmèt Cyber Command paase nan travay adistans pandan y ap toujou defann yon fason efikasan kont menas sibè yo. Anvan li te kòmanse travay nan gouvènman vil la, li te travay nan sèvis finansye kòm yon enjenyè sekirite ak chèchè sou menas sibè.

Ahern te kòmanse karyè li kòm yon Ofisye Lame Ameriken an, apre li te enskri nan Rezèv Lame yo apre atak teworis 11 septanm yo e finalman te sèvi nan de toune ki dire pandan yon ane nan Afganistan. Li te pran pwomosyon nan plizyè wòl lidèchip, e li te konkli karyè li nan lame kòm kòmandan konpayi nan Brigad Sibè Lame Ameriken an, kote li te sipèvize kreyasyon yon òganizasyon KI espesyalize pou operasyon sibè-espas. Dekorasyon militè li yo gen ladan Etwal Bwonz la, Mansyon Elòj Inite Meritwa la ak 2 Dekorasyon Fèy Erab, Meday Kanpay Afghanistan ak 3 etwal kanpay, ak Prim Knowlton lan.

Ahern kounye a ap sèvi kòm yon pwofesè adjwen Asosye nan Columbia University School of International and Public Affairs ak yon Konferansye Envite nan Sant Ewopeyen pou Etid Sekirite nan George C. Marshall Li te resevwa diplòm Lisans nan Tulane University ak yon MBA nan Stern School of Business nan New York University.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Gras a lidèchip ak vizyon Gouvènè Hochul, New York te etabli yon sant operasyon inik pou kowòdinasyon sibè ant patnè lokal, eta ak federal yo. Antanke Ofisye Sibè an Chèf, Colin Ahern pral pote yon richès eksperyans pou sipèvize nan JSOC epi dirije efò sibèsekirite nou yo atravè eta a, yon fason pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite kont menas sibè ki toujou ap ogmante yo."

Ofisye Enfòmasyon Anchèf Eta New York la, Angelo "Tony" Riddick, te deklare, "Seleksyon Gouvènè a pou Colin Ahern kòm Premye Ofisye Sibè an Chèf New York la se pwochen etap nan apwòch entèlijans ak konplè eta nou an pou sibèsekirite. Nan New York, nou pran chak menas oserye e nou konnen yon apwòch antye eta ki rekonèt valè kolaborasyon ak pataje entèlijans alè kapab rann chak nivo gouvènman an vin pi solid, pi pwoteje ak pi an sekirite Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap bay sibèsekirite priyorite, nan bati yon Sant Operasyon pou Sekirite Konjwen inik, epi fè tout efò pou pwoteje done sansib yo epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite. ITS fyè pou l jwe yon wòl enpòtan nan efò enpòtan sa a."

Nominasyon Ofisye Sibè an Chèf la apiye sou angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou konstwi yon enfrastrikti defans kont sibersekirite ki solid. [Siyen pa Gouvènè Hochul](#) an avril, Bidjè Eta pou Ane Fiskal 2023 a gen ladan 61.9 milyon dola pou sibèsekirite, sa ki double investisman anvan an. Investisman sa yo pral finanse pwoteksyon enpòtan, sa gen ladan ekspansyon pwogram Ekip Wouj sibènetik eta a pou bay tèspenetrasyon siplemantè, yon pwogram egzèsis phishing (fwòd) elaji, analiz vilnerabilite ak sèvis siplemantè pou repons ak pwoblèm sibènetik yo. Investisman sa yo ede asire ke si yon pati nan rezo a atake, Eta a kapab izole ak pwoteje rès sistèm lan.

Investisman bidjè sa a gen ladan tou yon pwogram sèvis pataje 30 milyon dola pou ede gouvènman lokal yo jwenn ak deplwaye sèvis sibèsekirite bon jan kalite pou ranfòse defans sibènetik yo. Nati entèkonekte rezo yo nan eta a ak pwogram Teknoloji Enfòmasyon yo vle di atak yo kapab pwopaje byen vit atravè eta a. Anpil antite gouvènman an souvan pa gen finansman oswa resous nesèsè pou pwoteje sistèm yo, kote kèk bay sèvis enpòtan tankou swen sante, aplikasyon lalwa, jesyon ijans, tretman dlo ak asirans chomaj, pou site kèk sèlman.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)